

# Pèmi Obligatwa Anvan Rekonstrikson

Release Date: Oct 31, 2024

Si siklòn Milton, Helene oswa Debby te domaje kay ou a, kontakte manadjè lokal plenn inondasyon yon yo oswa depatman konstriksyon ak pèmi yo pou detèmine ki mezi ou ap bezwen pran anvan w kòmanse reparasyon.

## Rekonstrikson Apre Yon Siklòn

Chak pati nan yon biling - soti nan twati, mi yo, ak revètman rive nan plonbri, sistèm septik ak sistèm chofaj/lè kondisyone - ka mande pou yon pèmi anvan ou kòmanse rebati. Yon pèmi ka nesesè tou pou demolisyon.

Pèmi yo pwoteje pwopriyetè yo, rezidan yo, kominote yo ak biling yo paske yo asire ke reparasyon ak/oswa konstriksyon yo satisfè kòd konstriksyon, estanda, òdonans plèn inondasyon ak teknik konstriksyon aktyèl yo. Pèmi yo bay tou yon dosye pèmanan sou konfòmite ak egzijans elevasyon ak/oswa modènizasyon, ki se enfòmasyon enpòtan lè w ap vann estrikti a oswa lè w ap chache kouvèti asirans pou inondasyon.

## Rekonstrikson nan yon Bafon

Li nesesè pou jwenn yon pèmi devlopman/konstriksyon pou moun ki gen kay oswa biznis ki sitiye nan yon Zòn Arisk Espesyal Pou Inondasyon (SFHA). Pèmi konstriksyon yo baze sou kòd, òdonans jesyon bafon lokal aktyèl yo, ak Kòd Konstriksyon Florid la ki aplike lokalman, men sa pa soti nan FEMA.

Kontakte depatman biling kominote w la pou w jwenn enfòmasyon sou kontraktè ki gen lisans ak apwouve lokal yo. Biwo sa yo ka bay sijesyon sou pwoteksyon konsomatè yo kont kontraktè ki magouyè yo, ansanm ak fason pou pwoteje kay oswa biznis kont domaj ki gen rapò ak katastwòf nan lavni.

## Rete Veyatif



FEMA

Page 1 of 2

Si yo pa jwenn pèmi apwopriye, rezidan yo ka sibi lòd pou sispann travay, peye amann oswa penalite otorite lokal yo bay. Gen kèk kominote ki ka chwazi pou anile frè pèmi yo men yo pa ka anile egzijans pou jwenn pèmi pou kont yo.

FEMA pa rekòmande oswa andose kontraktè yo, epi ofisyèl yo avèti moun yo dwe fè atansyon ak kontraktè ki di ke FEMA otorize yo. Se pa vre.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite [fema.gov/disaster/4834](https://fema.gov/disaster/4834). Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Helene, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://fema.gov/disaster/4828). Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasy [fema.gov/disaster/4806](https://fema.gov/disaster/4806). Swiv FEMA sou X nanx [www.x.com/femaregion4](https://www.x.com/femaregion4) oswa sou Facebook nan [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 2 of 2